

KHUTBAH JUM'AT DALAM BAHASA JAWA : “TOBAT LAN SARATIPUN”

Oleh : Hasysa

KAPING SETUNGGAL

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

الحمد لله الذي يُحِبُّ التَّوَابِينَ الْوَابِينَ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، هُوَ الْبَرُّ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَالْعَفُوُّ الْغَفُورُ الْكَرِيمُ، الْقَائِلُ سُبْحَانَهُ : وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَ الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُ اللَّهِ وَرَسُولُهُ وَصَفِيُّهُ مِنْ خَلْقِهِ وَخَلِيلُهُ الْقَائِلُ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ : يَا أَيُّهَا النَّاسُ تُوبُوا إِلَى اللَّهِ فَإِنِّي أَتُوبُ فِي الْيَوْمِ إِلَيْهِ مِائَةَ مَرَّةٍ . اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ، وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ : فَأَوْصِيكُمْ عِبَادَ اللَّهِ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ، قَالَ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا تُوبُوا إِلَى اللَّهِ تَوْبَةً نَصُوحًا (التَّحْرِيم : 8).

Kaum muslimin ingkang tansah dipun rohmati Allah !

Ongko kaping setunggal : Khatib wanti-wanti dumateng poro kawulanipun Gusti Alloh soho pribadi piyambak, monggo kito sami-sami mulat saliro piyambak-piyambak kados pundi bobotipun katakwan kito, lajeng ngupadi tambahing bobot katakwan kolowau wonten dinten-dinten ingkang bade kalampahan miturut kekiyatan kito piyambak-piyambak. Sampun ngantos sawekdal-wekdal kito wangsul wonten ngarsanipun Gusti Alloh kejawi angugemi ageman agami Islam.

Sawentawis wekdal dumugi samangke, temtunipun boten wonten setunggalipun pribadi kito ingkang ngrumangsani suci boten kapatrapan luput soho dedosan, keranten kito sami meniko mboten jalmanipun moloikat ugi mboten jalmanipun poro nabi soho rasul ingkang maksum. Pramilo meniko, monggo kito sami-sami ngrumangsani sedoyo kaluputan soho dedosan ingkang kanthi kito sengojo menopo mboten kito sengojo, ngenani kaluputan soho dedosan ageng menopo alit. Salajengipun monggo kito sami-sami mertobat wonten ngarsanipun Gusti Alloh kanthi tobat ingkang saleres-leresipun, mumpung lawang tobat isih mengo, yen wis tutup susah awak iro. Gusti Alloh paring dawuh : “*He wong-wong kang podho ngimani. Mertobatho siro kabeh marang Gusti Alloh kanthi tobat kang sabener-benere*” (QS. At-Tahrim, 66 : 8).

Ongko kaping kalih, ngenani pangertosan tobat lan parintahipun

Saleresipun kito sami meniko sampun mangertosi menopo tho artosipun tobat meniko ? Kanthi tembung ingkang gampil, tobat meniko artosipun injih “kapok”. Menawi kito waos, antawisipun kitab At-Ta’rifat ingkang kaanggit dening Ali bin Muhammad bin Ali Al-Jurjani, dipun ngendikaaken :

التوبة الرجوع إلى الله بحل عقدة الإصرار عن القلب ثم القيام بكل حقوق الرب والتوبة النصوح هي توثيق بالعزم على ألا يعود لمثله قال ابن عباس رضي الله عنهما التوبة النصوح الندم بالقلب والاستغفار باللسان والإقلاع بالبدن والإضمار على ألا يعود وقيل التوبة في اللغة الرجوع عن الذنب (التعريفات للجرجاني، ص: 95) .

“Tobat yoiku balik marang ngarsane Gusti Alloh kanthi ngudari tali kang njiret ati, tumuli jejeg netepi hak-hakipun Pangeran. Tobat nasuha yoiku mantepe tekad ora bakal mbaleni maneh koyo kang wus kelakon.” Ibnu Abbas ra., ngediko, “Tobat nasuha yoiku gethun kelawan ati, njaluk pangapuro kelawan lisan, ngedohi kelawan badan, sartho kumprentheke ati kang kuat ora bakal mbaleni maneh.” Miturut sawijine kaul, “Tobat miturut longgat yoiku ora ngelakoni doso maneh.” (At-Ta’rifat li aj-Jurjani, koco 95).

Lajeng dipun ngendikaaken malih :

والتوبة في الشرع الرجوع عن الإفعال المذمومة إلى الممدوحة (التعريفات للجرجاني، ص: 96)

“Tobat miturut syara’ yoiku balik songko kelakuan-kelakuan kang olo tumuju marang kelakuan-kelakuan kang becik.” (At-Ta’rifat li aj-Jurjani, koco 96).

Kaum muslimin ingkang tansah dipun rohmati Allah !

Ngenani perkawis tobat meniko kathah ayat al-Qur’an soho Kadis kanjeng Nabi saw ingkang marintahaken dumateng kito sami, antawisipun kados ingkang dipun terangaken Imam Ibnu Hajar al-Haitami wonten kitab Az-Zawajir ‘an Iqtirafi al-Kaba’ir (Juz 3, koco 345-356), antawisipun :

وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهُ الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ (النور: 31)

“Lan mertobatho siro kabeh marang Gusti Alloh, he wong-wong kang podho ngimani amrih siro kabeh podho enthuk kabegjan.” (QS. An-Nur, 24 : 31)

Sinten pawongan ingkang mboten purun kabegjan wonten bebrayanipun agesang meniko ? Menopo wonten ingkang pados kacilakan, kacingkrangan, kabilahen, soho sanes-sanesipun ? Mboten wonten ! Pramilo tobat minongko salah setunggalipun pakuncenipun. Ananging tobat ingkang kados pundi ? Temtu mboten tobat asal tobat kados dene “kapok lombok”, pedhesen ntrocoh mripate, abang lambene, gemether ilate, lan ndrewes ilere. Ananging mangke malih utawi mbenjang-mbenjangipun dipun klangeni soho dipun wangsuli malih. Kados makaten meniko naminipun tobat, kapok, ananging kapok lombok. Sawentawis tobat ingkang saget njalari kabegjan kolowau injih meniko tobat ingkang kawestanan “tobat nasuha” kados ingkang dipun dhawuhaken Gusti Alloh meniko :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا تُوبُوا إِلَى اللَّهِ تَوْبَةً نَصُوحًا (التحريم : 8).

“He poro wong-wong kang podho ngimani, mertobatho siro kabeh marang Gusti Alloh kelawan tobat kang sabener-benere.” (QS. At-Tahrim, 66 : 31)

Salajengipun wonten Kadis dipun ngendikaaken :

عَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ، قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: الثَّانِبُ مِنَ الذَّنْبِ كَمَنْ لَا ذَنْبَ لَهُ (شعب الإيمان، 9/ 363).

“Saking Ibnu Abbas ingkang ngendiko, “Rasululloh saw dhawuh :”Wong kang mertobat songko dedosan iku koyo wong kang ora nduweni doso.” (Syu’abu al-Iman, 9 : 363)

Ugi wonten Kadis meniko :

أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ – وَيُثَوِّبُ اللَّهُ عَلَى مَنْ تَابَ- (صحيح البخاري - م م، 8/ 93)

“Satemene Rasululloh saw sampun dhawuh : “Gusti Alloh iku bakal nompo panjalukngapurane (mertobathe) sopo wonge kang njaluk pangapuro (mertobat).” (Syu’abu al-Iman, 9 : 363)

Kaum muslimin ingkang tansah dipun rohmati Allah !

Ongko kaping tigo, ngenani saratipun tobat

Dados menawi makaten, menopo saratipun tobat amprih saget njalari tumurune kabegjan kolowau ? Menawi katerangan-katerangan poro ulama dipun pundhut sarinipun wonten gangsal sarat amprih tobat saget njalari tumurune kabegjan :

1. الإقلاع عن المعصية; injih meniko ngedohi sedoyo kamaksiatan, tumrap kamaksiatan ingkang sampun nathe dipun lampahi ugi ingkang dereng nathe dipun lampahi.
2. العزم على أن لا يعود لمثلها; injih meniko mantep tekadipun pisan-pisan mboten bade mangsuli malih dedosan kados saderengipun.
3. الندم على ما صدر منه; injih meniko nggethuni lelampahan ingkang sampun kelampahan.
4. وإن كانت المعصية تتعلق بحق إنسان فلا بدّ من الخروج من هذه المظلمة; injih meniko menawi kamaksiatan (dedosan) kolowau ngenani hak-hakipun sesami menungso kedah dipun beresaken rumiyin panganioyo kalihan ingkang gadah sesambungan perkawisipun.
5. أن تكون التوبة قبل الغرغرة; injih meniko kedah mertobat saderengipun jlogro; menawi sampun jlogro, nyowo sampun dumugi gorokan nembe mertobat mboten wonten ginanipun.

Kaum muslimin ingkang tansah dipun rohmati Allah !

Ongko kaping sekawan, ngenani mumpung lawang tobat isih mengo

Kanthi sedoyo katerangan kolowau, menopo ingkang wigati soho gumathok tumuli kito sami-sami dadosaken kawigaten ? Ngenani perkawis meniko, kito mboten sisah ngetung-etung gedhe cilike utawi akeh sithike kamaksiatan utawi dedosan ingkang keblanjur sampun nate kito lampahi salaminipun agesang samangke. Ingkang wigati sameniko ugi, milahi pribadi kito piyambak-piyambak, salajengipun sumprambah dumateng poro sanak kadang keluargo, wargo masyarakat, bongso lan negoro kito. Sampun ngantos kito ngende-ende, sumoyo, utawi mbucal-mbucal wekdal malih, sameniko ugi, mumpung lawang tobat isih mengo, yen wis tutup susah awak iro. Mumpung srengenge taksih jumedhul saking wetan, dereng jumedhul saking kulon, kados ingkang sampun dipun dhawuhaken kanjeng Nabi saw meniko :

عن النَّبِيِّ - صلى الله عليه وسلم - ، قال : إِنَّ اللَّهَ فَتَحَ بَاباً قَبْلَ الْمَغْرَبِ عَرْضُهُ سَبْعُونَ عَاماً لِلتَّوْبَةِ لَا يُعْلَقُ حَتَّى تَطْلُعَ الشَّمْسُ مِنْهُ (جامع العلوم والحكم، 40 / 14) .

“Saking kanjeng Nabi saw ingkang dhawuh, “Satemene Gusti Alloh iku mbukak lawang tobat tumeko arah kulon kang adohdawane pitung puluh tahun, kang ora bakal ditutup sadurunge srengenge jumedhul songko arah kulon iku mau.” (Jami’u al-‘Ulum wa al-Hukm, 40 : 14).

جعلنا الله من التائبين الصادقين القانتين الصالحين وبارك الله لي ولكم في القرآن العظيم ونفعني وإياكم بما فيه من الآيات والذكر الحكيم ويسنة نبيه الكريم صلى الله عليه وسلم أقول قولي هذا وأستغفر الله لي ولكم، فاستغفروه إنه هو الغفور الرحيم.

KAPING KALIH

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ الطَّيِّبِينَ الطَّاهِرِينَ وَعَلَى أَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ، وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ : أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.

Pungkasanipun; wonten khutbah ingkang pungkasan meniko, khatib mundhut sarinipun khutbah, injih meniko :

1. Mboten wonten jalmane menungso, kito sami meniko, ingkang suci mboten nate ngelampahi kaluputan soho dedosan, keranten kito sami meniko mboten jalmanipun moloikat ugi mboten jalmanipun poro nabi soho rasul ingkang maksum.
2. Tobat ingkang dipun parintahaken dening Gusti Alloh, ingkang saget njalari kabegjan salebetipun agesang, injih meniko tobat ingkang kawestanan “tobat nasuha” ingkang kedah netepi sarat-saratipun ingkang wigati, injih meniko gangsal sarat.
3. Sameniko ugi kito sami, milahi pribadi kito piyambak-piyambak, wajib mertobat wonten ngarsanipun Gusti Alloh mumpung lawang tobat isih mengo sebab yen wis tutup susah awak iro.

عِبَادَ اللَّهِ: إِنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَوَلَّى فِيهِ بِمَلَائِكَتِهِ فَقَالَ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ، وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ، وَعَنْ سَائِرِ الصَّحَابَةِ الْأَكْرَمِينَ، وَعَنِ التَّابِعِينَ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. اللَّهُمَّ زَيِّنَا بِزِينَةِ الْإِيمَانِ، وَاجْعَلْنَا هُدًى مُهْتَدِينَ، اللَّهُمَّ اهْدِنَا وَاهْدِ بِنَا، اللَّهُمَّ يَا مُقَلِّبَ الْقُلُوبِ ثَبِّتْ قُلُوبَنَا عَلَى دِينِكَ، اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ نَعِيمًا لَا يَنْفَدُ، وَقُرَّةَ عَيْنٍ لَا تَنْقُطُ، اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الرِّضَا بَعْدَ الْقَضَاءِ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، اللَّهُمَّ اشْمَلْ بِعَفْوِكَ وَغُفْرَانِكَ وَرَحْمَتِكَ آبَاءَنَا وَأُمَّهَاتِنَا وَجَمِيعَ أَرْحَامِنَا وَمَنْ كَانَ لَهُ فَضْلٌ عَلَيْنَا. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ. وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. اذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ بِذِكْرِكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَأَقِمِ الصَّلَاةَ إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ .